



OU VIKTIM NAN

SIKLÒN IRMA?


**OU KA JWENN KÈK DEDOMAJMAN NAN
MEN ETA A OUBYEN GOUVÈNMAN
FEDERAL LA PA EGZANP :**



Koupon Manje Dezas (Disaster SNAP/EBT) yo disponib kounye a pou enskripsyon bonè. Si ou pa gentan enskri pou koupon manje yo, ou ka kalifye pou benefis ki ap ede w ranplase manje a. Ou gen Koupon manje (SNAP / EBT)? Si w rete nan yon konte ki te afekte, ou ta dwe resevwa otomatikman yon ranplasman de 40% de benefis pou mwa septanm nan. Si ou te pèdi plis pase 40%, ou genyen jiska 29 septanm pou voye yon fitch ak prèv de tout sa w te pèdi.



Si Irma te fè w pa ka rete nan kay kote ou konn rete a, oswa ou te fè depans akòz sikhòn lan ki pa kouvri nan yon lòt asirans, ou ka kalifye pou benefis FEMA. FEMA bay benefis pou chak kay, men yon sèl moun kapab aplike pou chak adrès. Aplike sou entènèt oswa rele 1-800-621-3362 pa pita ke 9 Nov.



Èske ou te pèdi travay ou, oswa travay ou te kanpe, oswa ou se yon travayè endependan ki pa ka travay ankò akòz sikhòn nan ? Si se konsa, ou ka kalifye pou Asistans Chomaj pou Dezas ("Disaster Unemployment"). Aplike anvan 31 oktòb 2017 la, sou entènèt oswa rele 1-800-385-3920. Nou te tande anpil rapò de pwoblèm ki genyen ak sit web la epi ak tan ou bezwen rete tann si w rele yo -- pa dekoraje w! Ou ka jwenn konsey legal gratis pou asire w te voye ale aplikasyon an byen.

**POU PLIS ENFÒMASYON SOU KALIFIKASYON & KI KOTE POU APLIKE VIZIT
COMMUNITYJUSTICEPROJECT.COM/IRMA**